

News Release



New Jersey Courts

Independence • Integrity • Fairness • Quality Service

GLENN A. GRANT, J.A.D.

Acting Administrative Director of the Courts

For more information contact:

PETER McALEER

MARYANN SPOTO

Office of Communications and Community Relations

609-815-2910

www.njcourts.gov

RICHARD J. HUGHES JUSTICE COMPLEX • P.O. BOX 037 • TRENTON, NJ 08625-0984

Difizyon Imedya: **Avril 9, 2020**

Sistèm Jidisyè Nyoudjèze Lanse Pwolonjman Sistèm pou Depoze Plent Elektwonik

New Jersey Judiciary Launches Expanded Electronic Filing System (Haitian Creole)

Sistèm Jidisyè Nyoudjèze pwolonje sistèm pou depoze plent nan tribinal pou kab pi byen satisfè tout avoka yo ak tout plenyan ki reprezante tèt yo pandan ijans sante COVID-19 la.

Sistèm Jidisyè Transmisyon Dokiman Elektwonik oswa ([Judiciary Electronic Document Submission \(JEDS\) system](#)) pèmèt tout avoka yo ansanm ak plenyan ki reprezante tèt yo pou soumèt tout dokiman yo elektwonikman nan pi fò zòn pati koze Lafanmi, ka sivil ansanm ak ka Kapital pèsònèl yo. Sistèm jidisyè ap kontinye ajoute lòt tip ka ofireamezi ke yo devlope sistèm la.

Byen ke Sistèm JEDS la te an devlopman anvan pandemi a, yo mete li a disponiblite pi bonè poutèt tribinal la anile pi fò pwosesis ak lòt koze ki mande pou prezante an pèsòn pou evite pwopagasyon COVID-19 la

Jij Glenn A. Grant, Direktè Administratif Sipleyan Tribinal yo, di ke "Pandan peryòd distans sosyal sa a, nou fèt pou depann de teknoloji plis kavan pou nou kab fè tribinal yo fonksyone le pli efikas ke posib. Pwolongasyon de sistèm pou depoze plent la va ede ni moun ki reprezante tèt yo, ni avoka yo kontinye vanse ak koze enpòtan yo, apati de pansyon alimantè pou timoun rive jis nan koze Pwopriyete/Lokatè,"

Nan pati koze Fanmi yo, avoka ak plenyan ki reprezante tèt yo kab soumèt tout dokiman ki gen rapò ak divòs, petisyon aprè divòs, gadyen legal timoun/tan pou konsakre ba timoun la, ansanm ak demann epi modifikasyon pou pansyon alimantè timoun.

Ou kab itilize JED pou soumèt tout plent, repons, ak petisyon pou ka sivil, ka sivil espesyal, Divizyon Dwa, kapital pèsònèl ak ka poze sele sou pwopriyete.

###